

Ministè Rejyonal k ap Travay

66+ Kongregasyon Konekte

Ini nan ministè pataje atravè Florid

52 Manm Konsèy Lidèchip

K ap fidèlman fòme ak gide vizyon rejyonal la

10 Pwogram Kan Chak Ane

Fòmasyon lafwa pou pwochen jenerasyon an

Retret ak Rasanbleman Rejyonal pou Granmoun

K ap nourri disiplin espiyitèl pou tout lavi

155+ Pastè ak lidè legliz ekipe

K ap sipòte minis yo nan chak sezon ministè

Sibvansyon Estratejik ak Finansman pou Inovasyon

Envesti nan kongregasyon yo

40+ Bokit Sekou Ijans Prepare

K ap pote espwa ak èd nan moman dezast ak rekiperasyon

Konekte legliz ak lidè yo pou fè ansanm, dapre plan Bondye, sa nou pa ka fè pou kont nou.

Vin Patnè Avèk Nou Imajine – Kwè – Vin



Chak don ede fòme lavni an.



Eskane isit la pou plis enfòmasyon

Ou kapab fè donasyon sou entènèt nan www.fldisciples.org

Ou kapab voye yon don pa lapòs tou nan:
6455 East Silver Springs Blvd.
Silver Springs, FL 34488

Pou plis enfòmasyon sou donasyon, tanpri kontakte:
Biwo Rejyonal
352-438-0340
oswa office@fldisciples.org




Ansanm, n ap fòme lavni
Disip Kris yo nan Florid.



Christian Church (Disciples of Christ) in Florida, Inc.

Rejyon Florid nou an



Legliz Rejyonal Disip Kris la nan Florid se yon kominote divès ki gen plizyè kominote lafwa ladan li; tankou kongregasyon Ispanik, Ayisyen, Afriken Ameriken, ak Anglo.



Yon senkyè kote tout moun kapab fè eksperyans lanmou ak gras Bondye.

Depi plis pase 70 ane, Disip Kris yo nan Florid reyini nan The Retreat at Silver Springs kote lafwa ap fòme atravè kan, retret, ak ministè pataje ant plizyè jenerasyon.

Depi timoun k ap fè eksperyans kan pou premye fwa rive jouk lidè k ap jwenn renouvèlman, Retreat la se yon moso tè ki sen.

Jodi a, Kanpay Global la ap asire ministè sa a kontinye sèvi fidèlman nan lavni lè li investi nan:

- Amelyorasyon enstalasyon yo
- Amelyorasyon aksè pou tout moun
- Teknoloji ak espas pou ministè
- Devlopman koneksyon pou RV
- Elajisman biwo rejyonal la
- Renouvèlman kwizin lan



Imajine – Kwè – Vin

Yon kanpay konplè ki fèt pou ekipe kongregasyon Disip Kris yo nan Florid nèt pou yon ministè ki gen enpak, pandan l ap ranfòse kominote yo epi kite yon eritaj dirab atravè rejyon an.

Avèk Bondye, tout bagay posib
Mak 9:23

Detay Bidjè Kanpay la

Imajine – Kwè – Vin Tounen se yon sèl kanpay ki gen twa faz. Faz De ak Faz Twa ap vini apre pou elaji sou priyorite Faz Youn.

Objektif Faz Youn: \$2,100,000.

The Retreat at Silver Springs

70 %
\$1.47 Milyon

- Amelyorasyon enstalasyon yo
- Amelyorasyon aksesibilite
- Amelyorasyon teknoloji

Prorite Rejyonal yo

20 %
\$420,000

- Vitalite Kongregasyon yo
- Lidèchip pou Jèn ak Jèn Adilt
- Sibvansyon pou Pastè ak Kongregasyon yo

Sèvis nan Kominote Week of Compassion

10 %
\$210,000

- Sekou ak rekiperasyon apre dezaz
- Asistans imanite atravè lemond
- Repons ijans nan moman kriz

Prorite Rejyonal yo

Atravè Kanpay Global la, nou ap elaji kapasite nou pou mache bò kote legliz ak lidè yo nan fason ki gen sans epi ki konkrè.

- Elaji sibvansyon pou vitalite ak inovasyon kongregasyon yo
- Devlopman lidèchip pou pastè ak lidè legliz yo
- Fòmasyon lidèchip pou jèn ak jèn adilt yo
- Gwoup fòmasyon, antrènman, ak opòtinite aprantisaj kolaboratif
- Lanse yon inisyativ sipò teknoloji pou ekipe ak ranfòse kongregasyon yo pou lavni
- Kreye yon bank resous

Ranfòse ministè rejyonal la asire ke chak kongregasyon gen sipò ak resous li bezwen pou grandi, inove, epi sèvi kominote yo avèk fidelite.



Retret Lidèchip ak Pastè Ayisyen 2025